

Reyalite sou kriz lojman epi Ed ki disponib

Apwopo de kriz lojman nan New England

Kantite moun ki sanse pa gen kote pou yo rete nan Etazini ogmante a 18.1 pouzan ant 2023 e 2024 selon rapo sou san abri ke depatman federal nan kesyon lojman ak devlopman urbain reyalize . Nan zon Rhode Island, kantite moun ki san abri monte a 35 pouzan, se sisyem pigwo ogmantasyon nan pami tou eta yo. Vermont genyen katriyem pi gwo pouasantaj moun ki san abri nan Etazini.

Dapre New England Council “Zonn ki rele New England ap fe fas a yon rarete ki pa gen parey nan kesyon apatman nan tout nivo – Sa konsene plizye nivo depi sou apatman ki pa two chè, jouk rive sou kay pou yon sèl fanmiy ak salè mwayen.”

Apwopo de Asistans pou lwe apatman

Pa gen ase apatman ki subvansyone (a ba pri) pou satisfè demand lan, epitou pa preske gen moun ki demenaje. Pa ekzamm, nan sit entenet New Hampshire a yo fè konnen “Etan done ke demand pou vouchers (koupon pou peye apatman) pi gran ke ofre ki genyen pou vouchers nan HUD, list datant lan se 6-8 lane.” Se pa tout moun ki rete tann konsa (genyen lot lis epi priyorite ki kapab ede w rive pi wo nan tet lis datant la), epitou gen lot kalte asistans(subvansyon pou pwogram ki peye apatman), men pi fo pwogram yo genyen yon lis datant. Menm si li dekorajan, si w elijib nap ankourage w pou aplike.

Kijan nou kapab ede w

- **Nou kapab** fè w konnen dwa ou genyen sizoka ya p mete w deyo epitou si gen yon bagay ki kapab ede w rete nan apatman w.
- **Nou kabab** refere w a yon ajans nan zonn nan defason pou mande eske gen lot ed oswa lot opsyon pou pemet ou rete nan apatman w.
- **Nou kabap** bawou enfomasyon sou kijan pou koumanse chache apatman ki subvansyone, kijan ou kapab jwenn plis enfomasyon epitou ki kote pou jwenn ed pou aplike.
 - **Nou pa kabab** aplike pou wou osinon fe w jwen yon apatman.
- **Si w pa gen kote pou rete(osinon ou riske domi nan lari) nou kabab** refere w a yon abri pou ijans.